Гъатхэпэм и 8-мкIэ дынывохъуэхъу!

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ЛЫ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м и ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОKI

№43 (21.451) ● 2009 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 7, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр сомИ 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Дыгъуасэ

ФIыщIэ яхуещI

КъБР-м и Президентым и фIыщIэ псалъэ.

Гъатхэпэм и 6-м КъБР-м и Правительствэм и Унэм зэIущIэ гуапэ щекIуекIащ. Республикэм и Президент Къанокъуэ Арсен КъБР-м и Парламентым и ещанэ хэхьгъэуэм депутату щыIэжьахэм я IущIащ, я пщэрыльхэр тэмэму зэрагъэзэщIам папщIэ фIыщIэ яхуищIащ.

- ИУЖЬРЕЙ илъэсипIым къриубыдэу депутату лэжьахэм республикэм и хабзэхэр убзыхуным, щIыналъэм зиужьным гуащIэшхэу зэрыхалъхьам зыми шхэ кьытрихьэрхьым, - жиIащ **Къанокъуэ Арсен**. - Фи лэжьыгъэр депутат кьалэн гъэзэщIэкIэм и щапхъэу кьиззэрынэнур быдэу си фIэщ мэхъу. КъБР-м и Президент къулыкъур зэрысIыгърэ си Iэхухэр кьиздэсфIыгъащ, зыкъысщIэвгъэкъуащ, сэ ар сщыгъупщэнкъым. ФIыщIэ фхузощI зэфIэвгъэкIа Iэхухэхэмрэ лэжьэкIа дахэ къэвгъэлъэгуамрэ щхьэкIэ. Си гуапэщ иужьрей илъэсипIам лэжьахэм ящыщ куэдым депутат пщэрыльхэр кьаззэрыхуэнэжар. Ар щхьэпэнущ иджыпрей Парламентым и лэжьыгъэр зэуэ зэтриубгъэным. Экономикэ кризисым дуней псор щызэщIащта лъэхъэнэм ирихьэлIэу лэжьыгъэ зыублэ депутатыщIэхэр я кьалэнхэм пэлъэщину сащогуть.

Адэкlэ псалъэр кьиицтащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщ **Бечелов Ильяс**:

- Фи кьалэнхэр пылъхьэнщэу зэрывгъэзэщIам папщIэ фIыщIэ фхуэтщIыну фызэхуэтшэсауэ аращи, псалъэ дахэкIэ зыфхузэгъэзэну си гуапэщ. Сыт хуэдэу гугъуу щымытами, фи кьалэнхэр хьарзынэу зэфIэвгъэкIащ. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм иужьрей илъэсхэм зэрызиужьар нэхъыбэу зи фIыщIэр фэращ, зи кьару а Iуэху дахэхэм хэзыльхьахэрщ. Мы щIыналъэм лъэпкъи 100-м кьыхэкIа цIыухэр щопсэу. Лъэпкъ зэхэгъэж фымыщIу, зэпэщIэувэ къэвмыгъэхъуу фызэзрылэжьам папщIэ фIыщIэшхэу фхуэфащэщ, - жиIащ Бечеловым.

Депутату зэрылэжьэну пIалъэр кьэзыхуэхэсви республикэм и унафэщIхэм фIыщIэ хуащIащ, я кьалэнхэр гъэзэщIэнымкIэ сэбэн кьахуэхъуу зэрекIуекIамкIэ.

ДЫГУЛЫБГЪУ Лацэ.

Сурэтхэр **МАМИЙ Руслан трихащ.**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент Къанокъуэ Арсен балъкъэр лъэпкъым, республикэм ис псоми

Зэрызахуигъазэр

Сталиным и эмаными зэрахьа залымыгъэхэм хиубыдэу илъэс 65-рэ япэкIэ зэхащIыхьа хьэкIэжхъуэкIагъэм кьыхэкIыу хэщIыныгъэшхэр гугъуехь инхэмрэ зышъча ди кьуэш балъкъэр лъэпкъым ар хэкум щрахуауэ щытам теухуа Фэеплъ махуэм ирихьэлIэу зыхуэзгъазэу аргуэру сыхуэгугъэвэну сыхуейщ. Балъкъэр лъэпкъым щIыгъуу а хэщIыныгъэхэр пэжкIэ ягъэв адыгэхэми, урысхэми, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу адрей лъэпкъ псоми.

ЛъэщIыгъуэ Iэдэжь лъандэрэ ди лъэпкъхэр зэныбжьэгъуэгъэ зэгурыIуэныгъэрэ яку дэлъу эзэдопсу, гуфIэгъуэри, гузэвэгъуэри, екъуIэныгъэхэри я зохуэдэу. ШIэ кьытесхьэркьым дызэщIыгъуу дэ сыт хуэдэ гугъуехьхэри кьызэрыздэжкIыфынум, хэщIыныгъэхэм даззрыпэлъэщынум, дыщалъхуа Къэбэрдей-Балъкъэрым мамырыгъэмрэ ефIэкIуэныгъэмрэ зэрыщытхъумэфынум.

Балъкъэр лъэпкъыр зэрырагъэкIам кьрикIуа гуэзвэгъуэхэр ягу кьагъэкIыж

Балъкъэр лъэпкъыр зэрырагъэкIам пыщIауэ хэкIуэдахэм я фэеплъу Налшык кьалэ дэтым и дежъ гъатхэпэм и 8-м сыхьэти 10-м цIыхухэр щызэхуэсынущ. Илъэс 65-рэ япэкIэ кьэхуа гуэзвэгъуэшхэм - ди кьуэш лъэпкъыр щалъхуа щIыналъэм зэрырахуам пыщIауэ хэкIуэдахэр а махуэм ягу кьагъэкIыжынущ, КъБР-м и Муслымэнхэм я Iуэхущ Iапи Iэм и лIыкIуэхэм кьызэхуэсам дыуэ ирагъэщIынущ.

КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен я пашэу, республикэм и унафэщIхэм, жылагъуэ Iуэ дэ гъэтхэр тралъхьэнущ балъкъэр литературэм и лъабжьэр зыгъэтIылъа Мечиев Кязим и фэеплъым. Мемориал музейм кьыщызэIуахынущ балъкъэр лъэпкъым ятелъа гугъуехьыр кьэзыгъэлъагъуэ экспозицIэ. БлэкIа зэман хьэлъэм ихьагъэм папщIэ дыуэ пашынущ кьуаежэ мэждыкIыгъэм.

КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ Iапи Iэ.

● Пшыхьхэр

Медведев Дмитрий къэрал дамыгъэ лъапIэр Темыркъан Юрий иретыж

Дирижер щIэныуэ, Шостакович Дмитрий и цIэр зэрихьэу Санкт-Петербург дэт академическэ филармонием и художественнэ хуэдэ Темыркъан Юрий кьызыгъэфэщащ «Хэкум и пащхьэм щIэ фIыщIэм папщIэ» орденым и I нагъыщIэр. А дамыгъэ лъапIэр гъатх эпэм и 5-м абы иритащ Урысей Федерацэм и Президент Медведев Дмитрий.

ЩIыхь дамыгъэхэр, орденхэр, медалхэр Президентым а махуэм яритащ Урысейм и цIыху цIэрыIуэу 46-м. Абыхэм ящыщ «Ленком» театрым и актер цIэрыIуэ Янковский Олег, Вахтангов Евгений и цIэр зезыхьэ театрым и актер гъуэгуанэ Лановой Василий, Урысейм и хуэдэ щIэныгъэ гимнат тиюмкIэ и командэ кьыхэхам и тренер нэхъыщхьэ Виннер Иринэ сымэ, нэгъуэщIхэри.

Фигу къэдгъэкIыжынщ ди хэкуэгъуэ цIэрыIуэр илъэс 70 зэрырикъуар 2008 гъэм дыгъэгъазэм и 10-м зэрагъэзыпIар. Абы щIигъ-уэ Темыркъан Юрий иратащ КъБР-м и наградэ нэхъ лъапIэ дыдэр - «КъэбэрдейБалъкъэр Республикэм и пащхьэ щIэ фIыщIэм папщIэ» щIыхь дамыгъэр.

ХЬЭГУАРЭ Джамилэ.

Лъагъуныгъэр, гу хуабагъыр, удз гъэгъахэр - бзылъхугъэхэм

ЦIыхубзхэм я дунейпсо махуэм, Гъатхэпэм и 8-м, ирихьэлIэу Налшык дэт Къурал концерт гъэлъэгъуапIэм дыгъуасэ щекIуекIащ гъэлъапIэ гуфIэгъуэ зэзэщIэ гуапэ, Удз гъэгъарэ махуэшх уэрзейхэм хуэгъэпса кьыхуеджэныгъэхэмкIэ гъэщIэрэщIа, гъатхэмрэ лъагъуныгъэмрэ теухуа макъамэхэр щыIу залышхуэм цIыху куэд щызэхуэсат. Абыхэм яхэт КъБР-м и Правительствэмрэ республикэм и Парламентымрэ я унафэщIхэр, депутатхэр, жылагъуэм щыщIэрыIуэ цIыхуэхэр. Псори хуейт гъатхэм и дахагъэр, дунейм и щIэрэщIэгъуэр, гъащIэм и Iэфыпэр псалъэ гуапэкIэмкIэ цIыхуэхэм тыгъэ ху ящIыну.

Ярин Андрей

КъБР-м щыхъ зиIэ и артист **Куэмыж уи Мухьэдин** бзылъхугъэхэм яхуэгъэпса хьэуэку дэлъ дахэкIэ гуфIэгъуэ пшыхьэр кьыззэIуихащ. Адэкlэ абы утыкум кьырагъэблэгъащ республикэм и цIыхубзхэм ехьэуэхьуну пшыхьым зыкъорезыгъэхьэлIа КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ **Ярин Андрей**. Кьызэхуэсахэм ар кьахуеджащ КъБР-м и Президент **Къанокъуэ Арсен** ЦIыхубзхэм я дунейпсо махуэм и щыхьэкIэ республикэм и бзылъхугъэхэм Зэрызахуигъазэм.

- Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубзэ лъапIэхэ! Нобэ ди кьэралми, дунейм и нэгъуэщI щIыпIэхэми щагъэльапIэ цIыхубзэм я гум, я псэм кьехуэбылIэ мафIэ дахэ - Гъатхэпэм и 8-р. Ди гуапэу дэри дыныводхуэхьэу а махуэ лъапIэмкIэ, - жиIащ Ярин. - Унагъуэм, жьэгу пащхьэм и хьумакIуэу зэрэщытым нэмыщI, иджыпрей бзылъхугъэхэр жыджэру хэтщ кьэрал гъащIэм и унэтIыныгъэ зэхуэмыдэхэм. Аэрэ лIыоIэсыф политикэм, экономикэм, щэнхабзэм дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iэнатlэхэм, кьулыкъу лъагэхэр екъулIэныгъэ хэфхьэ апхуэдэ фи гущIэм папщIэ фIыщIэ ин фхуэдощI.

ЗэрыстщIэщи, сыт хуэдэ лъэхъэни цIыхубзым и кьалэн нэгъэхъэм зыкъэрезыгъэхьэлIа КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ **Ярин Андрей**. Кьызэхуэсахэм ар кьахуеджащ КъБР-м и Президент **Къанокъуэ Арсен** ЦIыхубзхэм я дунейпсо махуэм и щIыхькIэ республикэм и цIыхубзхэм кьахуеджащ. Адэкlэ абы утыкум кьырагъэблэгъащ республикэм и цIыхубзхэм кьахуеджащ. ЦIыхубзхэм я гум, я псэм кьехуэбылIэ мафIэ дахэ - Гъатхэпэм и 8-р. Ди гуапэу дэри дыныводхуэхьэу а махуэ лъапIэмкIэ, - жиIащ Яриным. - Унагъуэм, жьэгу пащхьэм и хьумакIуэу зэрэщытым нэмыщI, иджыпрей бзылъхугъэхэр жыджэру хэтщ кьэрал гъащIэм и унэтIыныгъэ зэхуэмыдэхэм. Аэрэ Республикэм и бзылъхугъэ псоми: анэхэм, щыпхьухэм, пхъухэм, щхьэгъусэхэм - иджыри зэ гуапэу сыныводхьу зкъу! Уэзыщагъэ фIи?-у, унагъуэ насыпгъэ быным кьыватат дзэрэжэгъэмрэ фыщымыщIэ у, дахагъэмрэ гукъыдэжымрэ фи бэу куэдрэ фыпсэуну!

Бзылъхугъэхэм яхуэгъэпса апхуэдэ гъапIэкIэ гуапэкIэ пэшыпхуэм щыIуа нэужь, пшыхьэр езыгъэкIуэжIым утыкум кьриигъэблэгъащ республикэм и щэнхабзэ лъэжьакIуэхэр. Композитор Тухманов Давид-рэ усакIуэ Шаферан Игоррэ бзылъхугъэхэм яхуэгъэпсауэ зэдатха «ФIыуэ тлъагъуэхэр» уэрэдым зэIущIэм кьриихьэлIа псомИ я псэм зыхихIэ гурыщIэхэр кьиIуэтащ: дунейр зэтезыбыгъэр бзылъхугъэрщ, лъагъуныгъэрщ, гу хуабагъырщ.

Усэхэмрэ уэрэдхэмкIэ, кьафэхэмрэ теплъэгъуэ гъэщIэгъуэнхэмкIэ гъэнщат бзылъхугъэм папщIэ кьызэрагъэпэщIа концерт дахэр. Абы хэтащ «Балкарие» къэрал къэфакIуэ ансамблыр, «Хьэт», «Нал цIыкIу», «Каллисто», «Бгырыс щIалэхэр» къэфакIуэ гупхэр, «Феникс» уэрэджыкIуэ э студиер, къэфакIуэ ныжьыщIэхэр. Апхуэдэу пшыхьыр я уэрэдхэмкIэ ягъэдэхащ республикэм и уэрэджыкIуэ цIэрыIуэхэу Нэхущ Чэрим, Батыр Мухьэдин, Зеущэ Iуэес, Iэрэмыкъ Аэрэ, Хьэжьрокъуэ Султан, Теппеев Алим, Текуев Алим сымэ, нэгъуэщIхэми.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Хъуэхъуэр

Пщэ зыхуэтщI цIыхубзхэ!

«ЗЫУэщIыт УрысейI» партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ кьудамэр гуапэу кьыводхуэхуэ гъатхэм епха Iуэху дахэмкIэ - ЦIыхубзхэм я дунейпсо махуэмкIэ!

Ди псэм хэпIу бзылъхугъэхэ, фо цIыхум гъащIэ ивот, жьэгур фохуэмэ, пжьагъэм, гущIэгъуэм фращапхъэщ, цIыхухъуэхэм я гум лъагъуныгъэ кьыщыIоогъэущ, Iуэхуфlхэм тывогъэгушхуэ.

Насыпт, мамырыгъэ, зэгурыIуэныгъэ фэри фи благъэхэми фиIэну дыныводхуэхьэу. Фи хъуэпсапIэхэм фыпльэIэсыну, екъуIэныгъэ сыт щыгъуи фи Iэпэгъуэ щытыну ди гуапэщ.

* * *

РЕСПУБЛИКЭМ и цIыхубз гъуэзэджхэу щIэщхьэрэ лъагъуныгъэрэ зыхуидIэхэм Гъатхэпэм и 8 гуфIэгъуэ махуэмкIэ дыныводхуэхьэу.

ФIэщхьуныгъэмрэ гугъапIэ дахэхэмрэ факьыпымыкIыу, узынщагъэрэ насыпрэ фиIэу фыпсэуну ди гуапэщ.

КПРФ-м и Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ комитет.

● МусЪъымэн махуэгъэпс

Мулидыр

Рэбиаль-аууал мазэм и 11-нэ, 12-нэ (гъатхэпэм и 8, 9) махуэхэм я зэхуакум дэлъ жэщыр Мулидщ. Альхьым и нэфIыр зыщыхуа Мухьэмэд бегъымбарыр кьыщыдахуауэ муслымэм куэдым ялъытэ, ягъэльапIэ, гуфIэгъуэ дауэдапщэхэр зращIэкI къэхъугъэщ.

ПэЖЖЭ, ар исльам диным щымыщу, щIэуэ («бидэхэз» жьыуэIэм хуэдэу) халъхьа хабзэ мыщхьэпэу къэзыльытэхэри щыIэщ. Ауэ диныкмкIэ щIэныгъэлIхэм я нэхъыбэм быдэу ирикъуэдий Мулидыр гъэльапIэм хуеинэж. Альхьым и цIэр кьыщIрайуэ, хьэрэмыгъэ гуэри зыхэмылъ зэхуэсхэр, тхьэльэIуэхэр хьарзынэу, Тхьэм фIэкIабыл Iуэхуфlу. «Шэрихьэтым кьиГъэувырыкъым Мухьэмэд бегъымбарым и зэманым ящIэу щымыта псори хабзэщIэу къэтльытэн хуейуэ», - жиIэ абы хэм.

Мулидым и телъхьэхэм ящыщщ Мухьэмэд бегъымбар лъапIэм и зэманым псэуа, абы кьыхьуэтэ Зухейр Кяббин, Сабит Хьэсэн, нэгъуэщIхэри. ЗэманыщIэм и исльам щIэныгъэлI Нурси Сэхьиди итхыгъащ 1992 гъэм мыпхуэдизу: «Мулидыр сабэпынагъ зыпылъ исльам хабзэкIэщ. Абы мусЪымэнхэр нэхьри гунэгъу зэхуещI, зэкъуегъэувэ, Альхьымкlэ, бегъымбарымкlэ я иманыр хегъахьуэ».

Мухьэмэд бегъымбарыр дунейм кьыщытехьам хьэрыпхэр пэIэщIэт «прогресс» жьыуэIэм. Аэрэ хахуэт, щыщхьэмкIэгъэзт, хуитынкIэгъэ цIыхуэ зыльтагъут. ЩIэныгъэнэшэм, зыми Iэщзмылъу псэурт. Хабзэ мыхъумыщIэ куэдми ятхьэпэрт, я щэнхабзэмрэ зыужьныныгъэмрэ лъахъэщт. Куэдыр хьэпынщэт, щэныншэт, фадэ ефэнымрэ хъунщIэнымрэ дахьэхьрт. Я зыныкъуэхэм япхъуэхэр зэрыпсэууэ кьхъэм щыщIалъхьэрт, хамэ щIыхуэхъуэхэм я ягъэгъуэм ямыгъэкIуэн щхьэкIэ. ЦIыхубзхэм кьахэкIырт Чабэм и хъуреягъыр щыгъынынщэу кьэзыкIуэхэр. Iэрджэм ящIэжсэртэкъым тэмэму зыхьэпэн, шхэн зэрыхуейр. Я дин хабзэкIи ещхьт дунейм тет адрей лъэпкъ куэдым: яхуэпщIылIырт мывэжам, тхьэнапэхэм, ваГъуэхэм, нэгъуащIу ныпIэмэ, псоми, Альхьым кьыщыIэмыщIауэ.

Бегъымбар лъапIэр, нэгъуэщI сабийхэми хуэдэу, кьэтэджащ щIэныгъэншэу, гугъуехь Iэджэм хэту. КьыдэкIуэтейри, сатум хьыхьащ. Абы хьэлщныфIэ хэлът, екIуу зиIыгът, хьэлэмт, зауагъэ нэсым и уэчыгт.

Iуэрыдыр зыщIэлъ щIэныгъэ щIэныфIэу ирихьэкIауэ, и псэукIэм зэхъуэкIыныгъэ инхэр игъуэту щIёдзэ. Къэзыухъуреихь кьыфIыгъэмэ щIэныгъэншащIэмрэ кьыззэрыхъкIыным йогупсыс, хабзэншащIэхэр, тхьэнапэм хуэпщIыпIэр, лёйзэныгъэр щытепщэ жылагъэр игу темыхуэу, бгым йохьэри, мышхэу, нэщI ныгъэщ, абы жащ-махуэ зыбжанэ щегъакIуэ, я закъуэу гупсысуэ, игукIэ Iэджэ зэрригъэзэжуэ. ЗыхимщIу игури и псэри нэхьри кьабзэ, нэху мэхъу. Зэуэ и гур кьэхуэупскI, кьэнур.

Тхьэм и Iэмыркlэ, и кьарум кьыхохуэу. ЕгъэзэпIэ ищIа бгъэзнщIагъэм кьыщIокIыж. Щыхьэм яхохьэжри, мыпхуэдэ псалъэхэмкIэ зэжугъэзэ.

«Тхьэнапэ фызэпльэуэр зыкIи кьызыдзIэпыкъуныкъым. Иджыпсту щыщIэдзауэ щывгъэт абыхэм щхьэщэ яхуэфащIыныр. Уахьтэ зиIэ зыбгъ уэсфащэкъым щIыхуэм я тхьэпэIуэгъэр. ЩIыр, Дыгъэр, вагъуэхэр, дунейм тет псэри зыIэщIэпIыр Альхьращ. Абы и закъуэуэр Дыкъэзыгъэщ, Дызыгъэщэпыр инхэм ящIэ. Абы и кьэухьым кьэубыдэ. ГъащIэм и дэтхэнэ Iэнатlэри. Тхьэм и лIыкIуэ нэсрат апхуэдэу щытыфынур. Мусльмэн щIыпкъэ хъуну хуей дэтхэнэми хэхъь щIыхъупхъэщ Альхьым и нэфI зыщыхуа ди бегъымбар пIалIэр, ирипэтIыпхъэщ абы кьыгъэкуигъэльэгуа гъэугумкIэ, гъэгъуныгъэмрэ екъуIэныгъэхэмрэ я гъэугумкIэ.

ЩыгъуазэфызэтущIынщ бегъымбарым хуэгъэзащэ Альхьэ Иным КъурIэн лъапIэм щыжиIа Iэятхэм ящыщ зыбжанэм:

«Дэ уэ ныпхуедгъэхьащ Тхьэлъ щыпкъэр; Альхьым гу хьабзэкIэ хуэпщIыгъ икIи хуэжьIэщIэ» («Гупхэр» сурэ, 2-нэ Iэят).

«Жьыз: Си нэмэзри, си тыхьри, си псэунытIэри, си лIэнмэзри, ди дунейхэм и Тхьэ Альхьым хуэгъэпсащ. Абы IыхьэгъуиIэкъым. Ар сэ кьысхуащIа унафэщ икIи Альхьым ёуэзлIакъэм ящэ ситщ» («Iэщхэр» сурэ, 162-нэ, 163-нэ Iэятхэр).

«Уа, цIыхухэ, фэри фяпэкIэ псэуахэри кьэзыгъащIа Тхьэм фхьяжьжьэдэуфиуфызщыжьщ. ЩIыр псэунIэ фхуищIащ, уафэри кььфущхьэщыгъ. Уэщхьэрэгъэщхри, фызэрыпсэуну щхьэнгъэуэхэр кьегъэкI. Альхьым зыри хуэмышгъадэ, зэризакъуэр щыфщIэкIэ» («Жэмыр» сурэ, 21-нэ, 22-нэ Iэятхэр).

Щыхулъагъуэ ■ Махуэгъэпс ■ Малъхъэдис

КЪЭБЭРДЕЙ

Щэбэт къыдокIыгъуэ

Иужьрейм теухуауэ мы гъэм и мазаем Кыргызыстан къыщащта унафэм ипкъ иткIэ, США-м Кыргызыз щIыналъэм шыпхъэIу мазэ пшIондэ иришыжьи хуейщ авиабазэм щыIэ и зауэдIкIэр.

«РИА-НОВОСТИ».

Мы махуэхэм

Гъатхэпэм и 7, щэбэт

♦Илъэс 206-рэ ипэ (1803 гъэм) урыс пащтыхь Александр Езаным унафэ кьыдигъэкIат Къэбэрдей щIым Кисловодск быдапIэр щыхуэн хуейуэ.

♦1960 гъэм Куба (Хьэсэнбий) кьуаежэм щыщ жэмыш **Пащты Селим** Социалист Лжэныгъэм и Iыпхъужь щIэ лъапIэр кьыфIащащ.

♦Илъэс 90 ипэкIэ адыгэ тхакIуэ **Жанэ Къырмыз** кьыззралъхуэрэ. 1983 гъэм дунейм ехыжащ.

♦Дыгъэр кьыщIэкIащ сыхьэти 6-рэ дакьикъэ 34-м, кьуэлъхьэнчыгъ сыхьэт 18-рэ зы дакьикъэм.

♦ Махуэм и кIыхьагъщ сыхьэт 11-рэ дакьикъэ 27-рэ.

Гъатхэпэм и 8, тхьэмахуэ

♦Геодезиемрэ картографиемрэ я лжэкIуэхэм я махуэщ.

Илъэс кьэ гъатхэпэм и етIуанэ тхьэмахуэм ягъэтлащIэ.

♦Илъэс 90 ипэ Мысырым и цIыхубэм зыкъыIэтащ инджылыз гъэщIапIакIуэхэм пэщIэуэ.

♦1923 гъэм «Адыгэ макъ» (Адыгей) газетым и ипэ номерыр кьыдэкIащ.

♦Дыгъэр кьыщIэкIынущ сыхьэти 6-рэ дакьикъэ 32-м, кьуэлъхьэнчыгъ сыхьэт 18-рэ дакьикъи 2-м.

♦ Махуэм и кIыхьагъщ сыхьэт 11-рэ дакьикъэ 30-рэ.

Гъатхэпэм и 9, блыщхъэ

♦1918 гъэм къэрал зыбжанэ зэгурыIуэри, я дзэхэр зэгъэсэу Совет Урысейм кьытеуат.

♦Илъэс 75-рэ ирокIу ипэ космонавт, Совет Союзым и лIыхъужь **Гагарин Юрий** кьызэралъхуэ. 1968 гъэм дунейм ехыжащ.

♦Дыгъэр кьыщIэкIынущ сыхьэти 6-рэ дакьикъэ 30-м, кьуэлъхьэчыгъ сыхьэт 18-рэ дакьикъи 4-м.

♦ Махуэм и кIыхьагъщ сыхьэт 11-рэ дакьикъэ 34-рэ.

Гъатхэпэм и 10, гъубж

♦Урысейм и Архивым и махуэщ

♦И ныбжьыщ илъэс 80 ирокIу Социалист Лжэныгъэм и лIыхъужь, Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыхь зиIэ и нартыхугъэкI **Емышэ Хьэлий**.

♦Дыгъэр кьыщIэкIынущ сыхьэти 6-рэ дакьикъэ 29-м, кьуэлъхьэчыгъ сыхьэт 18-рэ дакьикъи 5-м.

♦ Махуэм и кIыхьагъщ сыхьэт 11-рэ дакьикъэ 36-рэ.

Псалъэр зыщхьэхуэмыдар **ГУЗЫЩО Зарифи.**

Яъэпкъ Iуэщыгъэ:

Псалъэ дахэм гъущIыр къегъэш.

КъБР-м щыщу тху

● Зэпеуэ

Зэпеуэм и етIуанэ Iыхьэр 2009 гъэм гъатхэпэм и 9-м кьыщыщIадзауэ 14-м нэсыху Таганрог щекIуекIынущ. Санкт-Петербург къэрал университетым и IэщлагъэлIхэм я нэIэ тету ныбжьыщIэхэр щIэныгъэм и унэтIыныгъэ зыбжанэкIэ зэпеуэнущ. Аэрэ ниджмыкIыжьыбзэм хуэгъэджэнущ, къэрал кьулыкIу зыщыгъэхэр, дипломатхэр, адыгэгъэшхуэхэм Iуэлъэщынущ.

А зэпеуэм кьрикIуахэм щыгъуазэ зищIа нужь, эксперт комиссэм Урысей Федерацэм Ерэаджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм и унафэм щэту кьыхихьнущ Урысейм и лIыкIуэу саммитым хэтынухэр.

Фигу къэдгъэкIыжьыжынщ 2009 гъэм зи гугъу тщIы зэIущIэм ЮФФ-м и еджаныр нэхъ зэчинфIэ дыдэхэр - щкол олимпиадэхэм щыгъекIуекIуахэр, я лауреатхэр зэрагъэкIуэнущ. Саммитым хэтхэм «ЩIалэгъуалэ акъылыфIхэм защIэгъэкIуэн» программэм ипкъ иткIэ, грантхэр иратынущ. Аэрэ Урысейпсо олимпиадэм щытекIуахэм хуэгъэдэнурэ, еджапIэ нэхъыщIхьэхэм конкурсыншэу щIэтIысхьэну Iэмал я гъэтынущ.

КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ Iапи Iэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым белджылы щыхъуащ ныбжьыщIэхэм я саммиту Italiem щекIуэкIынуэ Урысейм и лIыкIуэу кIуэнуэр кьыхъахьэм мурадкIэ ирагъэкIуэкI зэпеуэм и ящэ лъэхъэнэм щытекIуахэр.

«ДУНЕЙР ныбжьыщIэхэм я нэхэмкIэ» зэпеуэр КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм и къэпщытакIуэ гупым нубзыхуащ. Мы хьэнэшхуэ зиIэ жылагъуэ-политикэ Iуэхуэм теухуа эссе ятхынрат еджакIуэхэм пщэрыльщащIар. Псори зэхэту зэпеуэм щагъэльагъуащ республикэм и щколхэм я еджакIуэ 32-м я iжьыгъэхэр. Абыхэм эссе нэхъыфIу 10 кьыхихащ къэпщытакIуэ гупым, тхыгъэхэр зи IэдакъэщIэкIхэм епсэльащ инджылызыбзэр зэращIэр, экономикэмрэ политологиемрэ кьащIыкIыр ягъэбелджылыпи мурадкIэ. Арати, япэрей зэпеуэм еджакIуитху щытекIуаяу къыльатащ. Аэрэ Налшык щкалэм и щколхэм я 11-нэ классэм щIэсхэу **Кьэжар (Ланэ), Кьумыкьу Андемир, Шихаметов Динарэ, Улибегов Марие, Умэ Аскэр** сымэщ. Мы зэманым абыхэм экономикэмкIэ, политологиемкIэ, психологиемкIэ, инджылызыбзэмкIэ я щIэныгъэр щыхагъахьуэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым я егъэджакIуэхэм деж.

Къэбэрдей

Щэбэт къыдокIыгъуэ

№43 (21.451) ● 2009 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 7, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр сомИ 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

«Адыгэ псалъэр» къыфIэрыхьэну фыхуеймэ

Ди щIэджыкIакIуэ лъапIэхэ!

Гу лъыбэдгъэтэну дыхуейщ гъатхэпэм и 25 пшIондэ ди газетым Iэ щIэвдамэ, ар мэлыжьыхьым и 1-м щыщIэдзауэ нызэрыфхуахьынум.

Мазищым газетым и уасэщ сомИ 178-рэ. «Адыгэ псалъэм» Iэ щытебдзэ хъунущ республикэм и пощт Iуэхущ Iапи Iэ псоми.

Ди индексыр 51531

БЕЗЫР Чамсир:

• Гукъэкіыжхэр

Тлъэкі къэдгъанэртэкъым

Сэ ИЛЪЭС12 фІэкІа симыныбжьу сыхыхьащ ди Псыгуэнсу къуажэм щызэхэта колхозым. Ялпэ лъэхъэнэм Іэпщдзэпыщ. Къысфащ сыкІи унафэу нэхъыжьхъэм сащІыгъуащ. ТІэкІу нэхъ сыкъэжэпхъа нэужь, звено унафэщІ сыхъуащ. Абы щыгъуэ лэжьыгъэм пщІэшхуэ иІэт, къуекъущІэхэм зыкъытщІа, гъакъуэрт, ялъэкІ къамыгъанэу дагъэгушхуэрт, саугъэт зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ къытхуэупсэрт. А зэманым зэхэзэхуэ екІуэкІхэм. Іэри жыджэру сыхэрт, зыри си ялпэ измыгъэщыныр си гуращэу.

«Хэкужь» жери ди къуажэ губгъуэм иІэщ зы щІыпІэ, гъавэ къарэзыпІэ къыщыкІыщытауэ. Нобэ хуэдэу сощІэж: 1938 гъэрауэ си гуГэжащ аргектаринущІ сыгГыим гъавэ бэлыхь къыщызгъэкІат. Нартыху бзий къэс Іэфраки Іэ хуэдизкІ хъууэ кІэчанитІ, щы дэтт. Абы щыгъуэ маршынэ щІагъуэу щыІэт сытми, си гъавэм Іэпщдзэпыщ. Къысфащ ціхэр си унафэу нэхъыжьхъэм сащІыгъуащ. ТІэкІу нэхъ сыкъэжэпхъа нэужь, звено унафэщІ сыхъуащ. Абы щыгъуэ лэжьыгъэм пщІэшхуэ иІэт, къуекъущІэхэм

«Шыхулъагъуэ»-м и пщащэхэр ди хьэщIэщ

Куэдкlэ дащогуг

Гу лъмытэнкlэ Iэмал иIэкъым ди лъэпкъ литературэм кIуэтэху бзыльхъугъэхэр нэхъыбэу къыззэрыхьыхьэм. Абыхэм литературэм бжьыпэр зэрыщагьбыдыям и щыхьэтщ «Шыхулъагъуэ»-ри. Мы зэманым зы тIощI хуэдиз абы къокIуаIэри, щIалэу зытIущщ хэтыр, адрейхэр пщащэ щыжьухуэм.

***Iей ар хьэмэ фIы? Iейуэ къальытэу, куэд тогуззвыхь. Ягу ирогъу «КIэструл литературэм» дыкъыхуэзнэщ, жаIэри. Ауэ дэ апхуэдэу шынагъуэ диIэкъым. «Шыхулъагъуэ»-м" хэт ди хьыджэбзхэр гъащIэм губзыгъэу пхопльыф, ятьагъури Iззэу, щIэщыгъуэу я творчествэм къыщагъэльэгъуэжьыр ихуэзфIокI, а псор мы ди нобэрей газет напэкIуэцI закъуэм ит тхыгъэ щIыпхфжIуэмкIэ нэрылъагъу мыхьущэмэ. Дэ абыхэм куэдкIэ дащогуг.*

ХЬЭХ Сэфарбий,
КъБР-м и Тхакlуэхэм я зэгухьэныгъэм и Iуэхущlапlэм и чэнджэщтакIуэ, «Шыхулъагъуэ» литературэ хасэм и унафэщI.

Жамбэч Рабия (Альтуд къу., Прохладнэ район), КъБКъУ-м филологиемкIэ и факультетым адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и къудамэр кIуэхащ. Альтуд къуажэ курыт еджапIэм адыгэбзэмрэ литературэмкIэ щрегъаджэ, ди прозэ ятх.

Жамбэчым и усэхэмрэ рассказхэмрэ щIэх-щIэхьыгъэ мыхтохуэ «Iуащхьэмахуэ», «Нур» журналхэм, «Адыгэ псалъэ», «Советская молодежь» газетхэм.

ЖАМБЭЧ Рабия

Уи деж

ФIыщэу узолъагъур

ФIыщэу узолъагъур,
Сигу хьэщIыкIыр магъыр,
Магъыр щIыр дэгъэу,
Iэпкъыгъапкъ псор дэуэу.

ФIыщэу узолъагъур,
Сигу хьэщIыкIыр магъыр,
Уафэми зэхехыр,
Пщэжьхэри къоIугъыкIыр.

ФIыщэу узолъагъур,
Сигу хьэщIыкIыр магъыр,
Магъыр псэр ихуэу,
Дуней псор дэгъэу.

ФIыщэу узолъагъур,
Сигу хьэщIыкIыр магъыр,
Iэуфэм зэхехыр,
Пщэжьхэри къоIугъыкIыр.

Сыпхуэусэнщ, сыпхуэпсэнщ

Уи макIыр жьжьэми,
Уи псалъэр жагъуэми,
УкIыпэмыкIэми,
УкIыпхуэмыгъуэми,
Си псэр пIыкIу,
Си лIыр щIэкIыку,
ГъащIэр сухьэ,
СымащIэу псэху,
Махуэл дэмыкIу,
Си гум иямыкIу,
ПщIыкIь уха́эмыкIу,
Зы зэхэмыкIу
Сыпхуэусэнщ,
Сыпхуэпэжьнщ,
Сыпхуэупсэнщ,
Сыпхуэпсэнущ!

* * *

Удэ пэбжу багъуарэ
Кlэб кIуэпсу задэуэ,
Гухэлъхэр убгъуарэ
Гупсысэр нэщIауэ
Кьыпопгъэ гугъэфIхэр,
ЩIгъэкIуэ гурыгъкIэр,
Кьапежьи, кьапкIуапэ,
Ехьэми, гъэбапэ!

ЩОМАХУЭ Залинэ **Таурыхъ**

Топ щIыкIу

ГЪЭМАХУЭ пщыхьэщхьэ дахэм сабийхэр гуп зэрыгъэхъуауэ, топ мэджэгу. Абыхэм топ щIыкIур драхуей, крахух, топми кьежьыхь, кьызэщIэпльауэ. Уи щIалэгъуэмэ аракъэ, щIыкIуэхэр ешыркъым. Хьэфэ топым сабийхэр зырызу кьифыхьурэ, я IэплIэм йопкIэж. НэкIущхьэплъ къэхъуауэ, мо щIыкIу гупым къащогуфIыкI. Сыт хуэдиз къаригъэгуфIэрэ абы а кьомым! Пшапэр зэхоуэ, топым кьытехуэ удынэр нэхъ хьэлъэ, нэхъыбэ мэхъу, езыри мэтхъэусыхэ, ауэ сыт, хэт кьытщыс-ыхьын? Топым удын хьэлъэ кьытохуэри, лъейуэ гуэн лъабжьэм щIоджэразэ. ДжэгункIэ ирикъуа, еэзша сабий гупым ар кьыщIахыжьын мэщхьэхри, зэбгрокIыж.

Щылъщ топыр, гуэн лъабжьэ зэрым кьыщIопльри. Махуэ бжьыгъэ хъуауэ и зы джабэр дыгъэ гуащIэм ежьэ, адрейр гуэныжь лъабжьэ щIопIыщIыхь. Кьахукъуоплъ ар пщIантIэм щызекIуэ кьыдэджэгуу щытахэм. Моуэ, зэ лъапэкIэ драхуеямэ, и лъэр щIэкIынти, дэпкIей-дэлъейуэ кьижьыхьынтэкъэ?

Ауэрэ, щIыIэр токIуэри, махуэхэр кьонэщхьей. Иджы топым и дэджэгуэгъуэхэр зззэмызэщ щилъагъужьыр. ЩIыIэ хъури, унэм щIаубыдэжащ. Топри къагъэнэпащ, ящIащ IэщIыб. Ар бампIэм иукIынпэнт, дунейр зыхуримыкIу жьыр мыхъуамэ. Сыт щыгъуи кьылъоIэс, дэнэкIи щилъэгъуахэр топым хуеIуэтэж, хуотхьэусыхэ, зыри кьыззэдаIуэркъым, жеIэри. Жьыр IуокIыжри, уэшх щIыIэжьым Iэпкъ-лъэпкъыр игъэдийуэ къошх. Топ щIыкIур нэщхъейщ, гулъытэншэщи.

ИтIанэ, уэсыр къоери, топым гугъэ лъэпкъ кьыхуэнэжьыркъым. Жьы щIыIэ кьыщIэбжьахъуэм и щхьэр егъэву, егъэдий. Дыгъэ щIыкIур зззэмызи кьыхукъуоплъ. Къаруунщэми, абы уэс щIыIэжьым и ныкъуэр лъэныкъуэкIэ Iуихуащ. Адрейр псэ зимыIэу кIалъытэ, кьэгубжьыхУ щIахуэ топым и нэпс пщтырым игъэткIуащ. Ар ещхь хъуащ зи лъэпкъыкIэр мыдыджэ, адрейр хуабэ ди ЩIы хъурейм.

Апхуэдэу екIуэкIыурэ, зы махуэр гъатхэм, адрейр гъэмахуэм ейуэ, махуэхэр зэхэухуэнауэ, кIуэуэ хуежьэри, хуабэ хъужащ. Ильэс ныкъуэм нэблагъэкIэ топым имылъэгъуа и ныбжьэгъуэхэр нэхъ балигъ мэхъури, топри кьрадзэжьыркъым. Ялэ гъэр зэрыкIуам хуэдэ дыдэу екIуэкIащ кьыкIэлъыкIуэ гъэ, етIуанэри, ещанэри... Апхуэдэурэ, зэманэ кIуар, езы топ дыдэм уеупщIми иджыпсту ищIэжьнукъым. Абы ялэ щIыкIэ махуэхэр ибжу щIидзат, ауэ хэзэрыкъуэ щIопльри. Махуэ бжьыгъэ хъуауэ и зы джабэр дыгъэ гуащIэм ежьэ, адрейр гуэныжь лъабжьэ щIопIыщIыхь. Кьахукъуоплъ ар пщIантIэм щызекIуэ кьыдэджэгуу щытахэм. Моуэ, зэ лъапэкIэ драхуеямэ, и лъэр щIэкIынти, дэпкIей-дэлъейуэ кьижьыхьынтэкъэ?

Ауэрэ, щIыIэр токIуэри, махуэхэр кьонэщхьей. Иджы топым и дэджэгуэгъуэхэр зззэмызэщ щилъагъужьыр. ЩIыIэ хъури, унэм щIаубыдэжащ. Топри къагъэнэпащ, ящIащ IэщIыб. Ар бампIэм иукIынпэнт, дунейр зыхуримыкIу жьыр мыхъуамэ. Сыт щыгъуи кьылъоIэс, дэнэкIи щилъэгъуахэр топым хуеIуэтэж, хуотхьэусыхэ, зыри кьыззэдаIуэркъым, жеIэри. Жьыр IуокIыжри, уэшх щIыIэжьым Iэпкъ-лъэпкъыр игъэдийуэ

Гугъуэт Заремэ (Къарэхэдзэ къу., Дзэлыкъуэ р-н), КъБКъУ-м филологиемкIэ и факультетым адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и къудамэм и 3-нэ курсым щоджэ, ауэ усэхэр «Аруан» щIэныгъэм и щIэныгъэ зэхуэмыдэ ирагъэкIуэ.

ГУГЪУЭТ Заремэ

* * *

Гум и макъ, узэрэ
псалъэншэ
ГъащIэ гъэзгум
щIпIыгъуа.
Гухэлъ нур, гурыщIэ
щIэнщэ,
Гъатхэм махуэм хэслъагъуа.

Псэм и щIэку, макъамэ
гуапэ,
ГъащIэм гугъэ хэзыпхьа.
Гум щIыпхэу гупсысэ кIапэ,
Удэ гъэгъакъэм кIапыска.

Сабийгъуэм

ЩIыщIызоупскIэ
сигу-хьыринэм
Си сабийгъуэ сIэщIэжIар.
Хуэскъи си псэм, си гум,
си нэм,
СымащIэу тIэкIуи
щIыгъэкIар.

Сыхуейкъым абы
сыкъинэу,
Нэхъ гъащIэ куэм
сыкъэкIыжьи.

Идкы къыкуокIыр Iейуэ
си нэр,
Сыт сщIэнур? Сигу
къэзгъэкIыжьыщ!

* * *

Пльагъурэ жьгъэр
зэрыгъагъар?!
Щхьэ итIани унэщтей?
Гъатхэ дыгъэм и хуабагъэр
ЗыкъумыщIэу упIейтей?

* * *

С И ПСЭМ хуоблэ иджыри гугъэр, жэщкIэ уафэм вагъуэр эпльагъуькIыу зэрыблэм хуэдэу. Си гурыщIэм къыщIигъэтынщ уи гум псэупIэ, а уи псэри мы си псэм гъунэгъу къыхуэзыжьищ Iэ ижьымрэ Iэ сэмэгумрэ зэрызэпэгъэгъунэгъым ещхьу. Кудрэ къыщIохьэж си нэгу гухэлъ-жьгъэр щIэхэтэауэ щыта гум и губгъуэр. Ар сэ зэи сщыгъупщэжьыркъым.

Уэрыншэу зэщIэпщIыпщIэ псори пцIыщ, фIэщщIыгъуейщ. Уэрыншэу гъагъэ псори сэркIэ фэнщэщ, удз къызэрыгъэкIщ.

ХЬУЭЖЭ Жаннэ

Си усэхэр

Си усэхэр - гум и макъамэщ,
Хуиту псэууэ бзэрабзэ псэщ.
Си усэхэр сызыIэт дамэщ,
Сигу илъыр зэрысIуатэ бзэщ.

Си усэхэр - си гум и щыгъэщ,
ЩIы щхьэфэм къыхэкI удз гъэгъащ.
Си усэхэр - лъахэм хуэсщI тыгъащ,
Мардэншэу жьыпэщIэ бзэгъащ.

Рифмэжь цIыкIухэр

Рифмэжьыр усэхэм хъахуэтмэ,
«Хьуакъым мыр зыри, елэжьыж.
Уи усэхэр рифмэншэу щытмэ,
Си деж къыумыхьу, ар гъэсыж».

Арщ къызжиIар си егъэджакIуэм,
ПщIэ лъэпкъ си тхыгъэм зумыщIа.
Сымыхъуну зэи усакIуэ
Сытым къыхэкIкIэ кьыфIэщIа!

Узым ихьын а рифмэжь гупым
Гупсысэу сиIэр сфIауныкIу,
СфIашх гущIэгъуншэу си сатырхэр,
Си усэм и фэр тралъэф.
Зэхуэздзыса си псалъэ пхырхэр
ЯмыщIэу щысхь, зэбгральэф.

Гугъу срагъэхьыр рифмэжь
щIыкIуэхэм
Кьыхсуэмыгъуэту загъэпщкIуж.
Щхьэ кьагупсысрэ ахэр щIыхуэхэм?
ЯфIощI рифмэншэр нэхъ кIуэдыж.

Гупсысэ

Гупсысэр ещхьщ уэрэд мыкIуэщIым,
Сыт щыгъуи дэни кьэщощ.
Ар зыбгъэдэлъыр щIыху щхьэ
нэщIкъым,
Гупсысэм иIэкъым чэзу.

Гупсысэр кIыфIым пфIыхогъуащэ,
Жэщ кIыфIщ абы езытыр гъуэгу.
Жейр птрехужри, къоIущащэ,
ПщIыхьэпIэу, уеблэм щIокI уи нэгу.

Абы и лъабжьэр куууэ къожьэ,
ЩIыхьыншэу зэман куэд пIэпех.
Къхухьтьатэм хуэдэу щхьэм щызожэ,
Имычэзуми, жьы уещI щIэх.

Гупсысэм зэи кIэ имыIэну,
ЩIыхупсэ бауэу щIым тетыху.
ЛъэщагъкIэ абы къыпеIэну
Зыгуэр бгъуэтыххэмэ си Iуэхущ.

КЪАНЫКЪУЭ Анфисэ

Мывэхэр щIэхьэлъэр

Рассказ

ТЕНДЖЫЗ ФIыщэ Iуфэм зыщагъэпсэхуну нэгъабэ гъэмахуэм си ныбжьэгъуэхэр ежьэрэ. СызэрыщIыпхъуэ си нэ кьинкIэ а тенджызыр слъагъуну. МылькукIэ дыхуэмыщIа сыту аратэкъым, атIэ ди дей кьыстегужьеикIауэ самыгъакIуэу арат. Зыгуэрым уи жагъуэ кьыщIмэ, зыгуэр кьыпщыщIмэ, псым уитхьэлэмэ жаIэуэрэ, сызэрамыгъэдэуэн Iэмал кьальхьхуэрт зэрысщIэжрэ. Сэри, сыныкъуэкъуэщ-сыныкъуакъуэри, мы гъэми си гуэрым хэсыкат, ауэ сызэрылIэжынум хуэдэу сщIэрт тенджызэ ФIыщIэм зэ мыхъуми зэрызыщызгъэпсэкIынур.

- Сыт кьыпхуэтхьын? - жи Марэ, автобусым щизгъэтIысхьэм.

- ИIэ, иIэ, иджыпсту жьиIэ, умыукIытэу, - мэгуфIэ Шэйимэти.

- Зыри кьэвмыщIэху, - жьизоIэ сэ. - Ди адэжьхэр щызекIуа тенджызэ Iуфэм Iулъа зы мывэ щыкIу кьыхсуэфхь.

- Уа, уи акъыпIыр зэкIуэкIа?! - фIэгъэщIэгъэунщ си псалъэхэр ШэйимэтI.

- Сэ пэжу жьизоIэ. СыныволъэIу, зы мывэ закъуэ!

- ЕрэхьуI УиIэу бжы ар! - сыкъегъэгугъэ Марэ.

Си ныбжьэгъуэхэм я кьэсыжьыгъуэм ирихьэлIэу, зыгуэр кьыстебжам хуэдэу, сымаджэ хьэлъэ сыкъохуэ. МафIэм сисрэ си щхьэр схуэмыгъэхьейуэ, пэ кудамрэ тэмакъ узымрэ пIэм сыхагуэ гъэмахуэкум. Марэ кьызэрысыжу, кьопсалъэ телефонкIэ:

- Сэ зы хьэлэмэт гуэр кьыпхуэсхьащиин!!! Уи фIэщ хъункъым! - мэдыхьэшх.

Си Iуэхур зыIутыр жесIа нэужь, си шыпхъу нэхъыщIэм ириту кьыслъэгъуэхьжьыну сыкъегъэгугъэ.

ЖысIэрэ, щIыхум я фIэщ хъункъым, ауэ, си узыр дэнэ кIуами сщIэжьыртэкъым, мыр Марэ кьутыжащ, жиIэу си шыпхъум сэмэ щIыкIу кьищIысыпхьащ. Си Iэхэр кIэзызу сэмбым сиIэбащ... Ди ТхьэI, мывэ илъу кьыщIэгъэкII! Мывэт - джэдыкIэ хуэдиз хьууэ, хужьыбзэу мывэ щIыкIу кьызох. И инагъым емыльытауэ, ар хьэлъэт, хуэдэтэкъым ди псыхуэм дэлъхэм. Алыхьым адыгэр кьызэрригъэщIрэ, фIыгъуэу, дахагъэу, лъагъуныгъэу, гукъеуэу, гухэлъу, зауэу, лIэныгъэу кьахуигъэщIауэ хъуар, нэмрэ акъыпIымрэ кьахуэмыщIтэн кьаруу гуэрым ихьу-зу, мы зы мывэ щIыкIум щызэхуихьэса фIэкI сымыщIэу, сеплыарт абы... Шинкубэ Бэгърат и «ЖылакIэм» сызэреджэрэ сыкърихуэжкIырт а мывэм и Iуэхум. Арат апхуэдизу тенджызэ Iуфэм Iулъа мывэ сыщIыхьэйр. Адыгэхэр я хэкум щрашьм, тенджызэ Iуфэм Iуль мывэхэм ба хуэщIыжьрэ, кхъухьым зэрритIысхьар слъагъуам хуэдэу си нэгум щIэтт. А дакьикъэм абыхэм сахэта нэхьеI, зыхэсщIэрт я гуаэр, я гулъытэуэр. Сэри, тхьилъым зэритым ещанэу, мывэм ба хуэсщIу, си Iэгум искъуэзри, си гум хуэсхьащ. Схуэмыбгъыжу, си нэпсхэри кьеежьхащ. А мывэр псэльэгъу схуэхьуам ярейт. Мывэ кIэ сепсалъэу, жэщкIэ - «нэхуIльэй укьинкI», жесIэу зесхьэрт «хужь цIыкIу».

Марэ сыщыIущIам, хьыбар хьэлэмэт сыкъригъэдэIуащ:

- А Iей, дауэ кьыпщIхьурэ, - жи, - тенджыз Iуфэм дыгъэ зезгъэууэ сыIулъу, сыпльэри, зыгуэр кьэлIат. Гъуджэ кьытхуэрэ мывэрэ зэуэ кьызгурыIуакъым. Сепльынщ, жьисIу сыщIэджам, зыгуэр кьыхэзгъэуи, сIэщIэгъупщкIыжащ. ЕтIуанэ махуэм, ШэйимэтIрэ сэрэ дыблэкIыу, аргуэру къэцIурт. Дыжэрэ деплъмэ, мывэт. Мис а уи «хужь цIыкIу», - жери мэдыхьэшх, зыхуэзарэзыжу.

Сешаэу унэм сыкъэкIуэжри, зыри щIэстэкъымэ, зызгъэуIуригащ. Iэнэм тель «хужь цIыкIу» кьасштэри, си щхьэм пэгъунэгъуу згъэтIылъащ, уи закъуэ ущымылъ, жьисIэри. Куэд дэмыкIыуи, сыIуриахащ...

ИкIуэрегъкIэ сабийхэр эщIогъуагэ, фызхэр макъ икIакIэ мэгурым, лIыхэр кьаруующу зобырщэ... Я фэр пыкIарэ я нэщIащэхэр щIэуфIыщыкIыжкъэ, цIыхур мин бжьгъэкIэрэ псы Iуфэм щызэхэтщ. Хэт бэлъхьым щхьэ ныкъуэ ищIарэ ину дыхьэшхыу, хэт кIийуэ, зым и лъэр щIэхуэрэ я кьэмытэджьыжьфу, адрейм и гущхьэм и кьамэр жиIуэри, и псэр тыншжьауэ, нэгъэущIам ильэ ищIэжьыну и нэм хъуаскIэ кьыщIихьыу, ауэ Iэмалынщэу... Сыту куэдыщэ мыхэр, ди ТхьэI. Зэнэ кьыкIа, дэни кIуэрэ? Сыт кьэхъуар? Сыт мы кхъуэхри зищIысыр? Мыпхуэдизэ гугъуэхь зытель кьомыр щхьэ я унэм мыкIуэжу, мы кхъухь фIыщIэжьым итIысхьэрэ? Ей, фи унэ фыкIуэж! Сызэхэфхрэ? Фи жьэгу ужьыхьжьэм пхъэ тIэкIу пэрывдзэ! Сыт мы гъэщIэгъэ зыгуэрым?! Мывэхэм щIыху лъакъуэхэм зыкIэращIэ... ЯщIыныну хуэмеёуэ аращ. Ялъахъэ. Сыт телыыджэ?! Нэхъ ящIыдыфахэр, си лъахэ, жаIэурэ, я нэгум гуфIэгъуэ нурыр кьрихыу тенджызым зыхадзэж! Псы щIагъым щагъуэтынуц хуитынысгъэ! ФыкъэувыIэ! СыныволъэIу! Си дэлъхуэх, си щыпхъухэ, ди нэхьыжьхэ лъапIэхэ, дэнэ мыгъуэм фыкIуэрэ? Си макъыр соутIыпщ, сокIий, согъ...

Си гъы макъым сыкъеГъэушыж. Сызэщыджэрт, зысхуэмыуфыщу. Нэпсхэр сольэщIыжри, мывэмкIэ соIэбэ. Нэхь нэхутхьэхэ, нэхь псынщIэ хьуа хуэдэщ. КьыззэпсIэльауэ арат «хужь цIыкIу». И бампIэр игъэтIысащ.

Тхьилъ куэд седжат, адыгэр щрашьм ьэзабу ятельамрэ гуIэгъуэу зыихтамрэ теухуауэ. Ауэ... Зэхэпхьымрэ плъагъунымрэ куэд я зэхуакуэ. Шынагъуэт сэ сльэгъуар, пщIыхьэпIэми.

ЖаIэ, псым, мывэм, жьыгым я гъунэгъуу зыщекIуэхэмрэ жалахэмрэ я пкъым хьыхьэрэ кьыхэнэу, зэи япкъымыкIыжу. Арауэ кьыщIэкIыщ тенджызэ ФIыщIэр фIыщIэ щIэхъуар, и мывэхэри щIэхьэлъэр!

Щомахуэ Залинэ (Инарыкъуей, Тэрч р-н), КъБКъУ-м филологиемкIэ и факультетым адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и къудамэм и 4-нэ курсым щоджэ. Залинэ сабийхэми балигъхэми яхуотхэ, и рассказхэр, таурыхъ, шыпсэ щIыкIуэхэр «Iуащхьэмахуэ», «Нур», «Литературная Кабардино-Балкария», ШэшIэн Республикэм кьыщыдакI «Вайнах» журналхэм, «Адыгэ псалъэ», «Советская молодежь» газетхэм кьытрадзащ.

Щомахуэр хэтащ УФ-м и Ипщэ щIыналъэм и тхакIуэ ныбжьыщIэхэм я зэIущIэу 2003 гъэм Ростов кьалэ щекIуэкIам и лэжьыгъэм.

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

Малъхъэдис

Цеткин къыхилъхьэри

♦ Цыхубзхэм я дунейпсо махуэр къэрал псоми щагъэлъапIэ. Ар махуэщхъуэ яхуэхъуащ лъэпкъкIэ, бзэкIэ, щэнхабзкIэ зэщхъэщыкI бзылъхугъэ псоми. Абы къежьапIэ хуэхъуар Нью-Йорк дэт щыгъин щад фабрикэм щылажьэ цыхубзхэм 1857 гъэм гъатхэпэм и 8-м къызэрагъэпэща пэкIуркъ. Ахэр арэзытекIыным я лэжьыгъэмрэ кърат улахуэмкIэ.

♦ Алхуэдэ щIыкIэкIэ кьежьа хъуа Iуэхур кьыхьыщ XX лIэщIыгъуэми. Пэжщ, XIX лIэщIыгъуэм бзылъхугъэхэр еудыхыныр нэхъ кIащхъ хьуа ятIонэрми, я хуитныныгъэхэр дэкъуэат. Абыхъэм къэрал къулыкъухэм пэрытыну Iэмал яIэтэкъым, нэгъэщI Iуэхугъуэ зыкъомми пэIущI ящыт.

♦ Ауэ Новэ Зеландиеи щIипсэу, налог щIт бзылъхугъэхэр 1867 гъэм щIыпIэ хэхыныгъэхэм Iэ щIэтыну хуит ящIащ, 1893 гъэми парламент хэхыныгъэхэм хэтащ. 1869 - 1896 гъэхэм щIыхубзхэм Iэ щIэтт хъущ Америкэм и штатищIым.

♦ 1908 гъэм, гъатхэпэм и 8-м, Нью-Йорк щIэ бзылъхугъэ зэгуэхэныгъэм къызэригъэпэща пэкIум щIыжаIащ щIыхубзхэм я хуитныныгъэм хуэдизу дыдэ щIыхубзхэми яIэну зэрыхуейр.

♦ 1909 гъэм Америкэм и социалист партым щIыхубзхэм я лъэпкъ махуэшхуэ игъэуващ икIи 1913 гъэ хъуху мазаем и нужьрей тхьэмахуэм игъэлъэпIащ.

♦ 1910 гъэм щыщхъэIуэм и 27-м Копенгаген щекIуэкIа етIуанэ дунейпсо бзылъхугъэ конференцыем ямыщэ социалист Цеткин Кларэ къыщыхилъхьащ бзылъхугъэхэм я хуитныныгъэхэр хьэмэныкIэ махуэ хэха ягъэувыну. Социал-демократ партым и ЦК-м хэт Гринберг Еленэ кьызэригъэлъэгъуам тету, гъатхэпэм и 19-р ягъэуваеу щытащ бзылъхугъэхэм я хуитныныгъэр хьэмэным и махуэу.

● Псалъэжьхэр

Дахэр пагэмэ, пуд мэхъу

◆ Цыхубзыр щIагъуэмэ, унагъуэм хьеIуатэ.

◆ НапэкIэ дахэр зы ильэс нысэщи, зи псэкIэ дахэр уи Iэщ гъусэщ.

◆ Бзылъхугъэ нэмысыр псы щIыIэ щынакъщ, ипкIытмэ, кьыпхуэзэщIэкъуэжькъым.

◆ Щыхубз пшэрыхь хущанэ.

◆ Щхьэгъусэфl зиIэ и гуауэ шэчыгъуафIэщ.

◆ Фызыфl и Iэнэ зэтетщ.

◆ Дахэр пагэмэ, пуд мэхъу.

◆ Щыхубзым насыпп кьыдокIуэ.

◆ Пщащэр щалъхуа унэм и хьэщIэщ.

◆ Фызыфl илI цIэрыIуэщ.

◆ Щхьэгъусэфl зиIэм и унэ хъуэхъу илыщ.

◆ ФызыфIым лЫ Iейр добжьыфIэри, фыз Iейм лЫфыр добжьыгуэ.

◆ Анэм и джанэр пхуэм и гъуапэщ.

◆ Бзылъхугъэр унагъуэм и шхэпсщ, лъэпкъым и къуэпсщ.

◆ Й анэ епльи ипхъу кьашэ.

◆ Ныбсэм уеубзэмэ, данэ Iубзэ кьыунтынщ.

◆ Пхъур зэрыбгъасэщ, ныбсэр зэресащ.

◆ Зы бжэгъу закъуэ хэсси, фызыфIым унагъуэ утекъуэкIыщ.

◆ Анэм и хабзэр пхъум и бзыпхъэщ.

Ижь-ижьыж лъандэрэ къэрал зэ хуэмыдэхэм ящыщ къэ хутакIуэхэр, елжагъэшхуэхэр ягъэщIагъуэу адыгэ бзылъхугъэм тетхьыхьащ. Абыхъэм я IэдакъэщIэкIхэм кьыщагъэлъэгъуащ адыгэ бзылъхугъэм и дахагъэр, и акъыл жаныр, ар нэхъри гуакIуэ зыщI хабзэ гъэщIэгъуэхэр.

Хьэл-щэн щыпкъэ щабагъ гуапэ

● Фэ фщIэрэ?

ХХ лIэщIыгIуэм Адыгэ Хэкум щыIа хьэрыпл географ-къэхутакIуэ Абдул-Хьэсан Али аль Масуди мыпхуэдэу итхыгащ: «Хэгъуэгуу дэ дыздэщIыпхэм, кьеттхэкIа лъэпкъхэм зыри яхэткъым адыгэ хэм хуэдэу зи щIыфэ хужьрэ зи бзылъхугъэ хэр дахэрэ. Зы пщэкьи нэжьым апхуэдэ уардагъэ, Iэпкъ-лъэпкъ дахэ. Адыгэ бзылъхугъэхэр цIэрыIуэщ я хьэлщэн дахэмкIэ, щабагъ гуапэмкIэ».

Массуди Адыгэ Хэкум щыIа нэжь, илъэс 800-м нэс дэкIауэщ нэмыщ философэ этнограф Гердер Иоган адыгэ хэм щатетхыхьар. Абы зэритхымкIэ, адыгэ цIыхубзхэр нэ хьри нэхъ дахэ, нэхъ гуакIуэ хъуащ. Мис абы итхам щыщ пычыгъуэхэр:

«Мыр адыгэ хэкущ, дахагъэм и хэщIапIэщ... Абыхъэм я набдзэ шыпэ фIыщIэ псыгъуэ хьэрашэм, хъуаскIэр кьызыщIих я фIыцIэхэм, натIэ хужь джафэм, нэкIу хьурей Iупэ пIащIэм удимыкьэхьинкIэ Iэмал иIэкъым. Дуней хьурейм Iэпкъытепхъэ зэкIэт тIыкIуэкIэ мыбдеж. Тхьэм щыIэхуитIэ хуэдэщ... Дэ, ди насыпти, мы лъэпкъ дахащэм дыпэмыжьыжьэу Тхьэм дыкъинтэщIащ».

КъэхутакIуэхэм адыгэ бзылъхуитэ цIэрыIуэхэм я къэхъыфIагъэр кьыщыхэкIыр куэдым хуэхъ. Пасэм папщIэ, зыгуэрхэм абы и къежьапIэр хуахъ зэрыс щIыпIэ тельыджкэм и климатым, нэгъуэщIхэми абы и щхьэусыгъуэу ягъэувы адыгэхэм я дуней тетыкIэр. А псоми пэж хэтIу кьыщIэкIынщ, ауэ адыгэ бзылъхугъэм и дахагъэм, и бжьыфIагъэм и кьежьапIэ нэхъыщхьэу щытыр, Тхьэшхуэм кьинэмыщIауэ, адыгэ хабзэм зэрыщIапIыкIырщ, нэмыс, укIытэ, Iулыдж хэпъу кьыузэрагъэтэджырщ. ТеплъэкIэ дахэ кьудейр зыми щыщкъым, абы Iэдэбагъэрэ хьэл-щэн дахэрэ имыгъусэмэ. Арат адыгэм бзылъхугъэр гъэсэным мыхьэнэшхуэ иIэу кьыщIиныгъэр. Ахэр сытым дежи щIэкъурт хьыджэбзыр щысабиим деж щегъэжьауэ бзафIэу, акъылыфIэу, щэныфIэу япIыным. Псом япэ хъыджэбз цIыкIур псэкIэ дахэ ящIырт. Абы гъэфIегъыщIэу зэреджэр «си дахэ», «си псэ», «си дыгъэ» хуэдэр т.

ШЭРДЖЭС Алий.

● ЦыхуцэрыIуэхэм жаIахэр

Телъыджэ пщыхъужьыркъым

Цыхухъур кьигъэщIа нэужь, Тхьэм нэхьыбэ зэрыхуэфIэкIынур кьигурыIуэжри, бзылъхугъэ кьигъэщIащ.

Сент Джон Адел.

Щхьэгъусэфl ным нэхьрэ нэхьыфl, щхьэгъусэ мыхьымащIэм нэхьрэ нэхь Iей щыIэкъым.

Пьер Абеляр,
франджы философ.

Бзылъхугъэм езым зымитмэ, текIуэныгъэ кьехь, ауэ зита нэужь, текIуэм унафэ хуещI.

Чапек Карл,
чех тхакIуэ.

Цыхубзхэм я нэпсыр псалъэмакъым кьыпхэзыщIэ нэгъэщI Iэмалщ.

Мастроянни Марчелло,
итальян киноактер.

Нэхь гъэщIэгъуэныр цыхубзым жиIэракъым, атIэ абы и гум итыырщ.

Дюма Александр,
франджы тхакIуэ.

Цыхубзхэми яхъумэф щэху, ауэ щэху гуэр зэращIэр Iэмал имыIэу жаIэн хуейщ.

Моэм Сомерсет,
инджылыз тхакIуэ.

Цыхубзхэр щымыIауэ щытамэ, дунейм ахъшIэу тетыр зыри и мыхьэнэтэкъым.

Онассис Аристотель,
альдж мелардрыбжэ.

Егъэлеяуэ дахэ цIыхубзхэм етIуанэу уахуэзэ нэужь, телъыджэ пщыхъужьыркъым.

Стендаль,
франджы тхакIуэ.

● Хъужъуэр

Зеикъуэ къуажэм щыпсэу Шыгъушэ Тамарэ пщэдей къыщалъхуа махуэщи, дохъуэхъу

Шыгъушэхэ ди нысэ лъапIэ Тамарэ! Дунейм и дахагъэмрэ гъащIэм и Iэфыврэ зыхебгъащIэу бынибгъу уплащи, гуфIэгъуэ мыухыж абыхъэм ядэпIыльагъэр удзгушхуэу Iкъэм уахуигъэпсэу! Хабзэ, нэмыс, цIыхугъэшхуэ пхэпъу, ерыскъы берычэтыр уи Iэнэгъуэ лъэпкъым укъытэхэтщи, нобэ бгъэлъапIэ махуэмкIэ жьыи щIэи дыдохъуэхъу.

«Шыгъушэ» лъэпкъ зэгухьэм и советым кьыбгъэ дэкIыу.

* * *

Ди анэ дахэу Тамарэ, ди нанэ Iущабэ!

ГъащIэм уи бынхэм щыгъуэт насыпыр у эращ зи фыщIэр. У дипсэщ, удидыгъэщ, уи псэм и нэхур дэри, кьытепщIыкIыжакэми кьытхэпсэу Тхьэм утхуигъэпсэу!

Гъэм и лъэ хъэнэ нэхъ щIэращIэ дыдэм, Цыхубз хэм я махуэшхуэр щагъэлъапIэ гъатхэпэм и 8-м укъалъхуащи, дэркIэ ар гуфIэгъуэ з тIуащIэщ. Жьыгъэр зыхьымыщIэу, г ур зэрыгъэкIуэщIым упIэщIуэ, ди Iуэху мфI упилIэу, къэплъэр къэ хъуапсэу, псэ хэлъхьэж утку жьыу, удигъуаэзрэ дыбгъафIэу, у зыиншэу куэдрэ укъытщхъэщытыну ди гуапэу дынохъуэхъу.

Уи бынхэр, абыхъэм къатепщIыкIыжа щIэблэ 36-рэ хьур.

Я гъащIэ гъуэгур зэгъусэу зэддкIуну мурад дахэ зыщIа, Арщыдан къуажэм щыщ Жылэтеж Муратрэ Нэзрэн Залинэрэ дохъуэхъу

Я насыпыр кууэ, я гурылIэр къайхъуIэу, жылэр къэхъуапсэу, зэхъуапсэ щымыIэу, махуэщ къэс насыпыщIэ къаухъэдихьу гъащIэ кIыхь къыздэгъащIэну Тхьэм жиIэ.

Нэзрэн Анже лэ, Тхьэзэплъыж Зурьят.



Псалъэзэблэдз

ЕкъуэкIыу: **1.** Зэралыт гуэрхэр я куэдагъ-мащIагъкIэ зэрызэщцхъэщцкIыр къэзыгъащIагъуэ суэрэт. **7.** Адыгэ тхакIуэ щIэрыIуэ. **8.** Тхьэмахуэм щыщ махуэ. **10** Адыгэ унэщIэ. **12** Iэщ егъэзыпIэ. **13.** ХадэхэкI лIэужьыгъуэ. **14.** ПхъащIэ Iэмэпсымэ. **15.** Зыбжанэу зэщIыпIыгъу. **17.** Щым дыгъэм и хъуреягъыр кьызэрикIухьым хуэдиз зэман. **18.** Хьэблэ, куей. **20** «Гур мыплъэмэ, ...-м ильагъуркъым» - адыгэ псалъэжьэ. **21.** ТхьэцIынэ еуа нэужь, кьыщIэжьпсы. **23.** Жьзэумым кьыхащIыкIыкI щагъыр. **25.** ПхъэхкI, гъэщIхэкI щыпахкIэ кьыщIэщащ. **27** МусЛыымэн диным итхэм я Тхьэ. **29.** Лъы зыщI органу псэущхьэмрэ цIыхумрэ яIэхэм щыщ. **30.** Джэдкъаз лIэужьыгъуэ. **33.** Мэхъумэш Iэмэпсымэ. **35.** ЦыхэкI щэкIэр зыщхъ хьэпIащIэ цIыкIунитIэ. **36** Мэз лъапэхэм кьыщыкI удз лIэужьыгъуэ. **37.** Узыгъэщынэ, бадзж. **38.** Кууэ псым диха щIыналъэ. **39** Нотэ. **42.** Адыгэщ лъэпкъ. **43.** ГуапIэм кьыхэщIыкIа щыуанышхуэ. **45** Жыг лъэпкъ, и пхэр щабэу. **47.** «Аинр нэм хуэдэщи, адэр ...-м хуэдэщ» - адыгэ псалъэжь. **48**. Щынэныгъ, гуэкьеиныгъэ къэзыгъэлъагъуэ мэдометие. **49.** Хьэуам хэт е зыгуэрым тришIа фIей щащ. **53** Жыг дэжей лIэужьыгъуэ. **55** Гущэм сабийр кIымыхун папщIэ, зэрапхэ хьыдан кIапсэ. **56** Уиагъуэ псэущхьэ. **57.** Псалъэ быдэ. **60** Зыгуэр кьызэрэуцIыкIыжа псалъэ. **66** Аруан куейм хьыхьэ жылагъуэ. **68** Лъэбакъуэм нэхьрэ нэхь псынщIэ, шым и кIуэкIэ. **70.** Макъамэ щэту жаIэ уэ. **72.** Цыхуэ зыщымыпсэу, кьыкIыгъэ, псы здэщымыIэ щIыпIэ нэщI. **74.** Зыгуэр щахъумэ щIыпIэ. **76.** ЛъжъапщIэм нэгъэщIуэ зэреджэ. **79.** «... и къуэ дзыгъуащэщ» - адыгэ псалъэжь. **81.** Нотэ. **82.** «... зимыIэм шкIэ щIещIэ» - адыгэ псалъэжь. **83.** Лыр зыхэвыхьа псы. **85.** Кьуалэуэхэр, джаджьаэхэр щыгъуалъхьэ егъэзыпIэ. **86.** Зыгуэрхэр щашэчкIэ кьагъэсебэп, хьэлъагъ пыуухыкIа зиIэ гъащI Iыхьэ. **87.** Шатэ е тхъуцIыпIэ ягъаву кьыхъэ дагъэ. **89.** Куэд хъу. **90.** Зи дамитIыр дэщея. **92.** «...- рэлIы бэшэчр» - адыгэ псалъэжь. **94.** ПхъэщхьэмыщхьэпхъкIыгъуэ. **95.** Джэдыр адаIэм кьыщIэхьэкIыжкIи папщIэ жаIэ псалъэ. **97.** Пщым и унэм дэлэжьхьэу щыта пщылI цIыхуэ. **99.** Адыгэ унэцIэ. **100.** НыбжьыщIэ, цIыхуэхъу хэмыкIуэтэ. **102.** Бгъэ щIыIу. **104.** ЩакIуэ фочышэу кьагъэсебэп бдзапщIэ хъурей цIыкIу. **106.** Тепщэчым нэгъэщIу зэреджэ. **108.** Лы, щэ, щы пхъащIэ кьыщIэхьэкIыжкIи зэрахуэ псэущхьэ. **109.** Блын зытещIыхьа, зытет Iыхьэ. **111.** Именительнэ падежым иту еoriginэн щхьэр кьэзыгъэлъагъуэ щIэпащIэ. **112** Жыг кьудаем псыгъуэ. **114.** МафIэ бзийр иуха нэужь, жьэражьэу кьанэ сахуэ. **115.** Цыхрхьэму, тхьипхъщIыпхъэ хэлъ зэIуца щэкI лIэужьыгъуэ. **116.** Зи лъащIэр жьжьэ, мычэнж. **117.** ЦIыхубзым и лIым и щыпхъу. **119.** Быдэ, кьутэгъуей. **120.** Румыниеи нэхьыбэу щIипсэу лъэпкъ. **121.** Джэгур зэхэзыыблэ, абы и унафэр зыIэщIэль.

Къехьу: **2.** Iусыпхъэу кьагъэсебэп къэкIыгъэ. **3.** ЕхъулIэщыгъэм и нэхъ лъагаIэ. **4.** Кууэ кьитIыкIа кьимыщхъэ. **5.** Уэрэджы IаIуэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и артистэ. **6.** УэщIыщхъэм хуэщIа гъуанэ, уэщыкIыр зырагъэкIыу. **9.** Мэзхэм, губгъуэхэм кьыщIэ пхъащIыкIыжьыгъуэ. **11.** Ху уэкъгъа, куэнсапIэ зытраху ху. **12.** ХаукIэурэ зыгуэр зыгуэрым и ркIэ Iэрагъэубыдэным хуэщIа гъущI е пхъэ псыгъэ хуэкIыхь. **16.** Африкэмрэ Азиемрэ уэзыщрихьэлIэ, щIым кьыщIзыкIуэхь псэущхъэ ин дыдэ. **18** Зыгуэр щIух, нужь ит. **19.** Гъавэ хьэдэ зэрагу Iэмэпсымэ. **21.** Адыгэ унэщI. **22** МэкъупIэхэм, хьупIэхэм, мэз лъапэхэм кьыщIкI удз лIэужьыгъуэ. **24.** Эргативнэ падежым ит ещанэ щхьэ къэзыгъэлъагъуэ щIэпапщIэ. **26.** Ху кIыщтэным хуэщIа хьэнщэ лIэужьы-гъуэ. **27.** Ардджэн щащIкIэ, кьамылхэр зыдадэ кIапсэ псыгъуэм зэреджэ. **28.** Щыгъуэ зэрыгъэрыпIэ щIапхэ, зэрыкIэращIэ кIапсэ псыгъуэ. **54.** Нотэ. **55.** Гуэгушхэм зэрахуиль псалъэ. **56.** Зи тхьэмпэхэм зэгуэхыпIэ куэд иIэ къэкIыгъэ лIэужьыгъуэ. **58.** Кьуагрэ лъэпкъым щыщ кьуалэбзу. **59.** Къэрэшей-Шэрджэсым ис лъэпкъхэм ящыщ. **61.** МусЛыымэн диным щыхьэ ныбжь, фIэмыхьэлэл. **62** Феодальнэ обществэхэм я кIуэцIкIэ дзэзешэ, жылагъуэхэм я тепщэ. **63.** Гъудэбадзэ лъэпкъ. **64.** Уиагъуэ хъэпшапIэ. **65** . Уда лIэужьыгъуэ. **69** . ПлыпфэI. **70.** Уафэм кьех псыIагъэ. **71.** Нартыху егъэзыпIэ. **72.** Ныб-жьэгъу пэж, акьылэгъу. **73.** Лы щIагъуэ зытемыльэ. **75.** Хъэдрыхэ нэгъэщIу зэрыжаIэ. **77.** «...-м я нэхь мыгъуэми щыгъуэр пIастэрэ унгъэщхьнущ» - адыгэ псалъэжь. **78.** Кьыркъэм, губгъуэхэм щыпсэу кьащыргъэ лъэпкъыгъуэ. **79.** Зыгуэр кьызэрадыхьуэ, кьыязэрашэлIэж макъ. **80.** Уанэпхъафэм и щIыбагъымрэ и гупэмрэ кьытельэтыкI, уанэгущхъэнтэр зыдпIха кьуапэхэр. **83** Iэмэпсымэхэр зыгъэжан, зыль IэщIагъэлI. **84.** ЗэрызэпаупщI Iэмэпсымэ. **88.** Ягъэбэгъэну кьагъэна Iэщ, дзэдкьаз. **89** Адыгэ усакIуэ щIэрыIуэ. **91** УсакIуэхэм зэгъэкIуауэ псалъэкIэ зохалъха тхыгъэ мыин. **92.** Нарт лIыхъужь, Апшэмэ и адэ. **93.** ЩIабзшэм и пэм фIэлъ папщIэр. **96.** Зыгуэрым и лъабжъэ, щIым хуэгъэза дьэныкIуэ, **98** Бораксъ. **101.** Хьэпшып, Iэмэпсымэ кьагъэщIэрэщIжьн мурадкIэ зэрадзэ тIуатхгъуэр. **102.** Адыгэ унэщIэ. **103** Жыгхэр кьыщIтэпIкIэ къащI бынжэ щIыкIуэхэр. **104.** ГъэшхэкI. **105.** ЩIыпIэ хуабэхэм кьыщыкI хадэхэкI лIэужьыгъуэ. **107.** ЛIэужьыгъуэ зыбжанэу игуэш губгъуэ удз. **110.** Бгым и щыгу. **113.** Джэдхэр зэрыIуаху псалъэ. **116.** Лъэгуажьэм кьыщIэдзауэ шхуэжьым нэс зэреджэ. **117.** Пшэм ищхьэжкIэ щыIэ. **118.** Пхъэщхьэмыщхъэ лъэпкъыгъуэ.

Зэхэзыгъэльар **АКЪСЫРЗ Розуанщ.**

Мазаем и 28-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкъуэкIыу: **6.** Аргъэл. **7.** Кьанжэ. **9.** Гъудэ. **11.** Джэду. **12.** Тхъу. **14.** КIэ. **15.** Хьэлэ. **17.** Мардэ. **19.** Бабыщ. **20.** ЖьыкIуэрэ. **21.** КIуращэ. **22.** ПкIауэ. **24.** Дурэш. **28.** БакIанэдзэгу. **29.** Жумарт. **33.** Тумэн. **36.** Щуэй. **37.** ЖьаитIэ. **38.** Шэрэз. **40.** Быгыр. **41.** Гумыгъуэ. **42.** Лэкъум. **44.** Хьэ. **45.** Гъум. **47.** Мазэ. **48.** Баш. **49.** Бжьыдзэ. **50.** Пщащэ.

Къехьу: **1.** Хьэндыкрыуакъуэ. **2.** Арму. **3.** Мест. **4.** Кьарэ. **5.** Бжьыхь. **8.** ЛIыгъэ. **10.** Елыркъэщ. **13.** ХьумакIуэ. **14.** КIэрэф. **16.** Ущ. **18.** Кхъжь. **23.** Улахуэ. **25.** Уардэ. **26.** Гудэ. **27.** Кумб. **30.** Жумэрэн. **31.** Хьэндырабгъуэ. **32.** Бемырэз. **34.** Бжьыгуэ. **35.** Жэрэгу. **39.** Зэ. **40.** Бзо. **43.** Мажъэ. **44.** Хьэдзэ. **46.** Мыщэ. **47.** Мащэ.

● Гу зылъытапхъэ

РАН-м и КъБНЦ-м Прикладной математикэмрэ автоматизацимкIэ и щIэныцъ-къэхутакIуэ институтым зэнеуэ зэхеубгъэ мыцхуэдэ лъжьыгъэ IэнатIэхэм пэрагъэувэнухэр къыхихыж мурадкIэ:

- УРАВНЕНИЕ зэхэлъ лIэужьыгъэмкIэ къудамэм и щIэныгъэ лъжьакIуэ нэхьыщIэ - зы щIыхь;

- бжьыгъэ къутахуэ Iэмалхэм я къэбжьыкIэмкIэ къудамэм и щIэныгъэ лъжьакIуэ нэхьыщIэ - зы щIыхь;

- автоматизированнэ IэмалхэмкIэ проектхэр щIыныкIэ къудамэм и щIэныгъэ лъжьакIуэ нэхьыщIэ - зы щIыхь;

- геофизикэ процессхэм я моделхэр математикэ IэмалхэмкIэ щIыныкIэ къудамэм и стажер-къэхутакIуэ - зы щIыхь;

- автоматизированнэ IэмалхэмкIэ проектхэр щIыныкIэ къудамэм и стажер-къэхутакIуэ - зы щIыхь.

Зэпеуэм щытекIуэхэм нкIэщIыпIэкIэ лъжьэн щIадзэ, лъныкъуитIым зэрахьилIа зэгурыIуэныгъэм тету.

ФыщщIэупщIэ хъунущ мыбы:

360000, КъБР, Налщык къалэ, Шортэным и ур, 89 «а»

Телефонхэр: 42-64-17 - докторантурэмрэ аспирантурэмрэ я кадрхэмкIэ къудамэ, 9-нэ пэщ, 42-66-61 - егъэблэгъапIэ.

НапэкIуэщIр зыгъэхьэзырар НЭЩIэПЫДЖЭ Замирэщ.

Ди газетым и къыкIэлъыкIуэ номерыр къыщыдэкIынур гъатхэпэм и 11-рщ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

ЖьэкIэмыхьу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъущIо Зариф, Жылаесэ Маритэ, Льостэн Муэз, Ныбжьк Таисэ, Уэрдокъуэ Жансурэт, Хьэжькъарэ Алик.**

ДИ ХЭщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэ, Налщык къалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 5, егъэщIэ - епщIанэ къатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэныкъ IуэхугъэмкIэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьэмрэ Iуэхугъапи Iэхэм я дэлэжьэныжьмкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 42-63-64, 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериеи - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхугъапи Iэм - 42-26-41; суэрэтехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ аэр зытхаэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтекIуэ зэпыту щытыкIэм.

Газетыр Iэ тезыдзаэм яхуэхьынкIэ и пщэ дольщ КъБР-м федеральнэ пошт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм. Тел.: 42-06-51, 42-19-59.

Газетыр щIыныкIэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъаэм и 16-м №Н-0065-м щIэту ягуащ.

Зы ильэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

КъБР-м ЩIэныгъэмрэ хъыбарегъащIэ ГънатIэхэмкIэ и министерствэм 1905 гъэм щыIа Революцэм и цIэр зезыхь и полиграфкомбинат, Налщык къ., Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, телефоныр 42-35-75.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ ДыщкI Соня, редактору ЩхьэщмыщI Иэз, корректорхэу Афэ Тамарэ *(3,4-нэ нап.)*, ПхъатIыкIэ Юрэ *(1,2-нэ нап.)*, корректорэм я дэныкьуэпкъ Иуан Заирэ. *КомпьютеркIэ газетым и тепльэр ящащ:* Дол Маринэ, ГъурыжьэI Рае, Щомахуэ Марианнэ, *суэрэтыщI* Бицу Жаннэ.

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер IнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ тедзэн хуейщ сыхьэт 20.00-м. Щыградзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531● Тираж 10.125● Заказ №695

КОНЦЕРТ «АДЫГЕЙ ДЫГЪЭПС»

«ДжэгуакIуэ» щэнхабзэ Iуэхущ Iапи Iэм и проектыщIэ

Фыкъеблагъэ!

Гъатхэпэм и 11

18:30

Налшык къ., Профсоюзхэм щэнхабзэмкIэ я унэ

Концертым хэтынущ: «Ислъэмей», «Жьыу» уэрэджыкIакIуэ гупэжр, уэрэджыкIакIуэхэу Пэей Тамарэ, ЛIыбзу Аслъэн, Дзыбэ ФатIимэ сымэ. Концертым нужькIэ джэгу зэхашэнущ.

Билетхэр Профсоюзхэм щэнхабзэмкIэ я унэм и кассэм щащIэ.

УпщIэ зиIэхэр мы телефонхэмкIэ фыпсалъэ: 400-255, 477-142, 8 (928) 711 50 88.

ЕгъэджакIуэхэмрэ курыт школхэр къэзыухъхэмрэ ирагъэблагъэ

Адыгэбзэм и махуэм теухуа даудапщэу гъатхэпэм и 13-м сыхьэтыр 15-м екIуэкIынум хэтын папщIэ, егъэджакIуэхэмрэ курыт школхэр къэзыухъхэмрэ ирагъэблагъэ Борбэч Хь. М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балькъэр къэрал университетым филологиемкIэ и институтым адыгэбзэмрэ литературэмкIэ, Кавказ Ищхьэрэм ис лъэпкъхэм я IуэрыгъэтэмкIэ и кафедрэхэм.